



Pou Piblikasyon Imedya: 28/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ONORE 101 OFISYE POLIS KI TONBE KI TE BAY LAVI YO
POU YO SÈVI KOMINOTE YO**

***Ofisye Lapolis Eta New York yo onore evènma komemoratif 18 Ofisye ki te mouri
nan egzèsis fonksyon yo ak 83 ki te mouri akòz maladi ki gen rapò ak Ground
Zero***

***Gouvènè Hochul mande pou yo limen moniman istorik Eta yo ble 28 septanm lan
pou onore sakrifis ofisye ki tonbe yo epi rekonèt sèvis tout ofisye polis yo nan
tout eta a.***

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te onore 101 ofisye polis ki te bay lavi yo pou sèvi kominote yo atravè tout Eta New York yo. Non ofisye yo, ki te sèvi ak 10 ajans diferan, yo te ajoute nan Memorial Ofisye Polis Eta New York, ke yo te konsakre depi 30 ane de sa nan Empire State Plaza nan Albany e kounye a ki gen ladan non 1,668 ofisye ki te mouri nan egzèsis fonksyon yo. Plis pase 300 moun te patisipe nan Seremoni Souvni apremidi a, pandan ke Gouvènè Hochul te ofri diskou ouvèti a

"Nou ap sonje 101 fanm ak gason vanyan ki te bay lavi yo an mezi pou pwoteje ak sèvi moun ki nan Eta New York yo, e li enpòtan pou nou onore kontribisyon yo nan sekirite piblik nou an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ofisye brav sa yo te mete lavi yo an danje pou nou menm ki rete yo te kapab rete an sekirite, epi nou p ap janm bliye kontribisyon dezenterese ke yo menm, fanmi yo ak pwòch yo fè."

Seremoni ane sa a onore 10 ofisye Depatman Polis Vil New York ki te mouri nan egzèsis fonksyon yo an 2019 ak 2020; 83 ofisye NYPD, Depatman Polis Otorite Pòtyè, Polis Eta New York, Polis Depatman Konsèvasyon Anviwonmantal eta, Biwo Cherif Konte Cayuga, Depatman Polis Harrison ak Depatman Polis Konte Suffolk ki te mouri nan maladi akòz travay yo nan Ground Zero swit apre atak teworis 11 septanm 2001 an sou World Trade Center; ak uit ofisye ki soti nan Biwo Pwokirè Jeneral eta a, Depatman Polis CSX, Biwo Cherif Konte Montgomery, NYPD ak PAPD, yo chak te mouri nan egzèsis fonksyon yo anvan 2019.

Yo te tire e tiye de ofisye NYPD nan egzèsis fonksyon yo an 2019 ak uit lòt te mouri ane pase a apre yo te ekspoze ak COVID-19 pandan t ap travay pandan pik pandemi an. Non ofisye ki te mouri akòz maladi ki gen rapò ak Ground Zero a yo totalize 300; chif sa a ajoute sou 62 NYPD, PAPD ak ofisye federal ki te mouri nan jou atak la.

Gouvènè Hochul te mande tou pou moniman istorik ki annapre yo limen ble aswè a pou onore sakrifis ofisyè yo ki gen non yo enkli nan Memoryal la epi rekonèt sèvis tout ofisyè polis yo toupatou nan eta a:

- One World Trade Center
- Tèminal Grand Central (Grand Central Terminal) la - Vyadik Pershing Square (Pershing Square Viaduct) a
- MTA LIRR - East End Gateway nan Penn Station
- Pon Governor Mario M. Cuomo a
- Pon Kosciuszko a
- Pon Franklin D. Roosevelt nan Mid-Hudson
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- Konplèks Olenpik pou Sote Lak Placid (Lake Placid Olympic Jumping Complex)
- Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon nan Pak Ekspozisyon Eta
- Chit Nyagara (Niagara Falls)

Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice Services, DCJS) eta a dirije Komite Konsiltatif Memoryal Ofisyè Polis yo ak kowòdone seremoni an, ki te fèt chak ane depi inogirasyon Memoryal la an 1991 eksepte an 2020, lè li te anile akòz pandemi COVID-19 la.

Komisè Egzekitif Adjwen DCJS la, ak Prezidan Komite Konsiltatif la, Michael C. Green, te deklare, "Chak jou, ofisyè polis yo toupatou nan eta ak toupatou nan nasyon an mete lavi yo devan liy lan pou pwoteje piblik la. Ofisyè yo nou ap onore jodi a peye pri final la ak lavi yo e nou dwe yo ak pwòch yo sa pou asire ke yo pa janm bliye kouraj yo ak devouman yo nan sèvis piblik la."

Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services, OGS) Eta a te fè konspsyon memoryal la, renovasyon an ak ekspansyon an ki te fini an 2019. Yo te mete non yo pa aza epi san grad, baze sou yon konsèp Colleen Dillon Bergman te sigjere a, li se pitit fi Kavalye Emerson J. Dillon Jr., ke yo te touye l pandan l t ap fè egzèsis fonksyon li an 1974 apre 16 zan sèvis ak Lapolis Eta New York. Yon grave yon sitasyon ki soti nan lèt Madam Bergman nan sou miray plak ki afiche non yo: "Li pa enpòtan kèlkeswa depatman yo soti, ou santi pèt la menm jan".

Komisè OGS yo la, RoAnn Destito te deklare, Se yon onè pou sèvi kòm jènan Memorial Ofisyè Polis Eta New York la, ki sèvi kòm yon rapèl solanèl kouraj, devouman, ak sakrifis ofisyè sa yo. Jodi a make premye seremoni an fèt nan memoryal la depi lè OGS te konplete renovasyon yo an 2019, e se espwa sensè nou ke fanmi ak pwòch moun ki te pèdi yo pral jwenn yon kote rekonfòtan pou solitud ak refleksyon."

Gade [Tablo Donè konplè a](#) pou lokalize non yon ofisyè nan Memoryal la. Yo te onore ofisyè ki annapre yo pandan seremoni jodi a:

Lanmò pandan Egzèsis Fonksyon yo pou Ane 2020 la

Chak ofisye sa yo te sèvi avèk NYPD epi yo te mouri akòz ekspozisyon ak COVID-19.

Anketè Raymond C. Abear (13 avril 2020)

Anketè Robert A. Cardona (15 avril 2020)

Anketè Cedric Dixon (27 mas 2020)

Anketè Christopher B. McDonnell (6 me 2020)

Chèf William T. Morris (6 jen 2020)

Ofisye Polis Eric K. Murray (9 avril 2020)

Anketè Jack V. Polimeni (10 avril 2020)

Anketè Jeffrey A. Scalf (13 avril 2020)

Lanmò pandan Egzèsis Fonksyon yo pou Ane 2019 la

Tou de ofisye yo te sèvi nan NYPD.

Anketè Brian C. Mulkeen ak manm Ekip Anti-Krim li yo te afekte an sivil pou fè patwouy nan yon devlopman lojman nan Bronx lè yo te obsève yon sijè. Yo te mennen yon pouwit apre. Anketè Mulkeen te kenbe moun nan epi lite pou pran kontwòl zamafe moun nan te pote a. Anketè Mulkeen te touche pa yon katouch zanmi pandan ensidan an. (29 septanm 2019)

Anketè Brian P. Simonsen te reponn ak lòt ofisye pandan sinyalman sou yon kanbriyaj komèsyal. Anketè Simonsen te konfwonte yon sispèk, ki te gen yon fo pistolè. Yo te tire katouch epi Anketè Simonsen te frape pa yon katouch zanmi. (12 fevriye 2019)

Lanmò ki asosye ak Ground Zero yo

Yo te ajoute non ofisye ki te mouri nan maladi pou lapremyè fwa nan Moniman komemoratif la an 2008.

NYPD

Anketè Luis G. Alvarez (29 jen 2019)

Ofisye Polis Derrick A. Bishop (19 septanm 2019)

Ofisye Polis Scott. R. Blackshaw (20 me 2018)

Ofisye Polis James B. Boyle (31 me 2019)

Anketè Anthony N. Brognano (8 out 2019)

Ofisye Polis Audrey P. Capra (24 desanm 2018)

Ofisye Polis Yolanda Cawley (22 oktòb 2016)

Anketè Christopher E. Cranston (20 jiyè 2019)

Chèf Adjwen Vincent A. DeMarino (6 desanm 2019)

Ofisye Polis Michael O. Diamond (9 oktòb 2018)

Ofisye Polis Kenneth X. Domenech (19 janvye 2019)

Sèjan Thomas J. Fennessy (19 jiyè 2019)

Ofisye Polis Keith A. Ferrara (29 me 2019)

Ofisye Polis John P. Ferrari (18 jen 2018)

Ofisye Polis Edward J. Fitzgerald (19 septanm 2008)

Sèjan Gary M. Franklin (15 out 2018)

Anketè Sean P. Franklin (22 me 2017)

Ofisye Polis Frank L. Gagliano (13 me 2020)

Ofisye Polis Thomas J. Gallagher (12 mas 2018)

Sèjan Vincent K. Gough (12 me 2019)

Ofisye Polis Michael H. Grannis (10 mas 2020)

Ofisye Polis Anthony R. Hanlon (21 oktòb 2018)

Ofisye Polis Raymond G. Harris (4 out 2019)

Ofisye Polis Joseph F. Heid (20 jiyè 2016)

Anketè Nathaniel Holland, Jr. (5 avril 2013)

Anketè Charles J. Humphry (10 avril 2019)

Sèjan Jeremiah J. Hunt (7 out 2019)

Enspektè Justin C. Lenz (18 Jen 2020)

Ofisye Polis Paul J. Johnson (22 jiyè 2018)

Sèjan Mark Lawler (11 out 2014)

Anketè Jeffrey A. Lee (16 avril 2018)

Anketè Anthony L. Lombardo (17 novanm 2019)

Anketè Scott G. Lovendahl (14 septanm 2019)

Anketè Thomas J. Lyons (31 desanm 2018)

Sèjan Mendel A. Martin (6 out 2003)

Sèjan Robert P. Masci (9 jen 2018)

Ofisye Polis Patrick T. McGovern (2 me 2019)

Chèf Adjwen John B. McManus (14 avril 2020)

Lyetnan Jennifer Meehan (17 desanm 2018)

Ofisye Polis Gregory V. Melita (9 mas 2019)

Ofisye Polis John Minchilli (5 novanm 2019)

Anketè Dennis P. Murphy (25 oktòb 2019)

Ofisye Polis Jason H. Offner (25 jiyè 2017)

Ofisye Polis Robert Ortiz (10 jiyè 2018)

Lyetnan Phillip E. Panzarella (25 avril 2019)

Anketè Joseph M. Paolillo (9 septanm 2019)

Ofisye Polis William Parker (27 septanm 2012)

Anketè Philip T. Perry (14 mas 2019)

Anketè Joseph L. Pidoto (26 oktòb 2018)
Ofisye Polis GNancy Puca (2 mas 2020)
Lyetnan Michael F. Raimo (10 oktòb 2019)
Anketè Andrea R. Rainer (25 jen 2019)
Ofisye Polis Robert J. Reidy (30 movanm 2019)
Ofisye Polis Lawrence J. Rivera (5 jiyè 2018)
Anketè Joseph M. Roman (28 janvyè 2019)
Lyetnan James E. Ryan (29 avril 2018)
Anketè Thomas Santoro (21 jiyè 2019)
Sèjan Barbara J. Sullivan (7 jen 2018)
Ofisye Polis Manuel Vargas Jr. (1 novanm 2018)
Ofisye Polis Joseph C. Wagner (12 desanm 2019)
Ofisye Polis William T. Walsh (11 janvyè 2016)
Ofisye Polis Andrew Waring (17 jen 2019)
Ofisye Polis Thomas W. Waterman (3 jen 2019)
Ofisye Polis Wade J. Williams (18 movanm 2018)
Ofisye Polis Robert P. Young (4 fevriye 2020)

PAPD

Lyetnan John Brant (19 jiyè 2018)
Lyetnan William E. Doubraski (23 novanm 2020)
Sèjan Lawrence A. Guarnieri (4 novanm 2014)
Anketè Thomas M. Inman (12 avril 2020)
Lyetnan Robert Jones (15 jen 2019)

Ofisye Polis James W. Kennelly (17 jen 2017)

Ofisye Polis William J. Leahy (6 jen 2019)

Ofisye Polis Mark J. Meier (31 jiyè 2017)

Sèjan Vincent J. Oliva (27 novanm 2013)

Ofisye Polis PPaul D. Pallas (14 mas 2011)

Ofisye Polis Michael E. Teel (21 mas 2019)

Lapolis Eta New York

Sèjan/Chèf Pòs Jeffrey M. Cicora (10 out 2019)

Kavalye Jennifer A. Czarnecki (5 desanm 2020)

Envestigatè Ryan D. Fortini (1 janvyè 2020)

Polis Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal Eta New York

Ofisye Konsèvasyon Anviwònmantal Stephen L. Raymond (17 avril 2017)

Biwo Cherif Konte Cayuga a

Soucherif Stephen B. McLoud (29 out 2019)

Depatman Lapolis Vil Harrison

Ofisye Polis Walter L. Mallinson (9 septanm 2017)

Depatman Lapolis Konte Suffolk (Suffolk County Police Department)

Ofisye Polis Craig L. Capolino (30 janvyè 2013)

Lanmò pandan Egzèsis Fonksyon Istorik yo

Memoryal la rekonèt tou ofisye ki te mouri pandan travay yo pou kominote yo nan ane anvan yo, men sèvis yo tap travay ladan yo pa te soumèt aplikasyon pou te ajoute yo nan lis la anvan sa.

Depatman Lapolis CSX la

Patwouyè William E. Deal t ap fè patwouy regilye abò yon lokomotiv nan Sand Bank Lot nan vilaj Scotia lè li te wè twa mesye ki te anvayi li epi li te eseye arete yo. Pandan yon lit ak mesye yo, yo te tire Patwouyè Deal nan tèt epi twa sispèk yo kouri met deyò. Yon rechèch pa plis pase 100 ofisye polis yo ak adjwen cherif yo nan plizyè ajans te pèmèt yo kaptire sispèk yo. (11 oktòb 1933)

Anketè Daniel F. McCrea t ap pouswiv senk sispèk atravè yon ray tren okipe Buffalo Creek tou pre Fillmore Avenue nan Buffalo, lè yo te tire li aboupòtan nan tèt. Li te mouri kat jou apre nan lopital. (20 jen 1908)

NYPD

Patwouyè John Thompson te sou sèvis patwouy a cheval ak ansyen Depatman Polis Brooklyn lan lè yo te avèti li sou yon chwal pati kite yon charyo. Kòm chwal la ak charyo a t ap pran nan direksyon li, Patwouyè Thompson te monte moute abò nan yon tantativ pou kanpe cheval la. Yon boulon an fè ki lache te detache soti nan charyo a epi pèse cheval Patwouyè Thompson lan. Kòm rezilta, Patwouyè Thompson te tonbe sou cheval li ak frape nan tèt li; li te mouri 15 jou apre. (2 janvyè 1878)

Patwouyè Thomas A. Herbert t ap mennen anketè sou kòz yon kolizyon otomobil nan Williamsburg Bridge la lè yon machin te frape li pandan chofè a t ap eseye deplase li. Patwouyè Herbert te souffri de yon krakti nan krán ak lòt blesi entèn e li te mouri nan lopital Williamsburg. (30 out 1918)

PAPD

Officer Ofisye Polis John J. Kane te anndan Tinèl Lincoln lan ap fè sikilasyon, pou ekip antretyen yo te ka ranplase estenktè anndan tinèl la, lè yon kamyon ki pa te kanpe te frape li. Yo te deklare ke li te mouri sou sèn nan. (26 oktòb 1950)

Sèjan John V. McCabe te reponn a yon blokis andedan Tinèl Holland la lè li te pèdi pye sou mach pye yon kamyon pandan kawotchou li te ekate. Li te al tonbe nan yon mi an beton e li te mouri ak blesi li yon jou apre. (22 out 1946)

Biwo Cherif Konte Montgomery

Sheriff Adjwen Ellwood F. Hanrahan te souffri yon kriz kadyak fatal pandan li t ap konbat pou kenbe yon moun. (8 janvyè 1974)

Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York La

Investigatè Espesyal Thomas H. Neilan te asiyen nan biwo a lè li te viktim yon vòl ak kidnapin pandan li te retounen lakay li nan Queens. Li te mouri nan yon echanj kout zam ak asayan li yo. (8 novanm 1980)

Kritè Enklizyon Memoryal

Pou yo mete non yon moun nan moniman komemoratif la, moun sa dwe te yon ofisye polis jan Lwa Pwosedi Kriminèl eta defini sa a (Criminal Procedure Law) oswa moun lan te yon anplwaye tankou yon ofisye fòs lapolis federal epi li te fè menm travay oswa te gen prèske menm responsabilite jan lalwa defini sa a. Aplikasyon pou enklizyon sou memoryal la dwe fèt pa ajans ki te anplwaye ofisye ki te tonbe nan DCJS la.

Anplis Komisyonè Green ak Destito, moun sa yo ap sèvi nan Komite Konsiltatif Memoryal la: Michael O'Meara, ki se Prezidan Asosiyasyon Lapolis Byenveyan yo nan Eta New York la (New York State Association of Police Benevolent Associations); Patrick Phelan, Direktè Egzekitif Asosiyasyon Chèf Polis Eta New York (New York State Association of Chiefs of Police); Peter R. Kehoe, ki se Direktè Egzekitif Asosiyasyon Cherif Eta New York la (New York State Sheriffs' Association); Patrick J. Lynch, ki se Prezidan Asosiyasyon Patwouyè Byenveyan Vil New York la (Patrolmen's Benevolent Association of the City of New York); Andrew Rakowsky, ki se Prezidan Chapit Asosiyasyon Ofisye Fòs Lapolis Federal la (Federal Law Enforcement Officers Association); ak Richard Wells, ki se Prezidan Konferans Lapolis New York (Police Conference of New York) la.

[Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl la](#) gen divès responsabilite, ki gen ladan yo fòmasyon pou fòs lapolis yo; koleksyon ak analiz done krim atravè tout eta yo; konsèvasyon dosye enfòmasyon istwa kriminèl ak anprent yo; sipèvizyon administratif baz done ADN eta a, an patenarya avèk Lapolis Eta New York la; finansman ak sipèvizyon pwogram libète kondisyonèl ak pwogram penitansye kominote yo; jesyon finansman jistis penal federal ak eta yo; ak jesyon Rejis Delenkan Seksyèl eta a (State's Sex Offender Registry).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)